

COVID-19: Kijan NYSIF Reponn

Ed Pou Travayè New York yo

Pandan ke pandemi COVID-19 la ap kontinye afekte kominote New York nou yo, nou vle bay moun kap fè reklamasyon yo, asirans ke NYSIF ap pran mezi nesèsè pou asire ou kontinye resevwa benefis yo, pandan nap kontinye operasyon biznis nou yo adistans. Nou espere rete konplètman operasyonèl ak jesyon ka ou a, kontinye san enteripsyon.

Jwenn Aksè Pou Reklamasyon Ou An Adistans

Pi bon fason pou jwenn aksè a reklamasyon w lan, se antre nan kont ou a sou entènèt nan sit NYSIF la. Ou ka enskri nan depo dirèk, wè yon rezime de reklamasyon ou, ak jwenn pi gwo kontwòl sou pwosesis sou reklamasyon yo. Si ou enterese diskite sou yon règleman monetè nan reklamasyon ou an, tanpri kontakte manadjè ka ou a, oswa konsilte avèk avoka ou, si ou se reprezante. Si ou bezwen èd pou jwenn manadjè ka w la, tanpri vizite sit entènèt nou an.

Reklamasyon ki gen rapò ak koronavirus

Pou kèk konsèy inisyalyal sou reklamasyon ki gen rapò ak kowonaviris, nouvo paj NYSIF nan COVID-19 bay yon premye lèt itil pou konpansasyon travayè yo, benefis maladi enfimite ak konje fanmi peye pou biznis ak travayè yo. Pandan ke kowonaviris la ap kontinye enpak li, NYSIF ap vini avèk plis konsèy.

Pandemi kowonaviris la ap evolye byen vit e NYSIF pran angajman pou ede moun kap fè reklamasyon nan chak etap yo. Tcheke souvan paj COVID-19 nou an nan nysif.com/COVID19, ki toujou mete ajou tout dènye enfòmasyon yo.

Mèsi.

NYSIF